

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar 4 hal anu patali jeung metode panalungtikan, nya eta wangenan operasional (3.1.), padika ngumpulkeun data (3.2.), pamekaran pakakas panalungtikan (3.3.), jeung padika ngolah data (3.4.).

#### **3.1. Wangenan Operasional**

Panalungtikan ngeunaan **“Adegan Kalimah Langsung dina Novel Nganteurkeun Karangan Usep Romli HM”** diwangun ku sababaraha istilah. Sangkan leuwih jentré jeung teu ngabalukarkeun ayana salah anggapan ngeunaan ieu judul panalungtikan, aya sababaraha istilah anu perlu diécéskeun. Sababaraha

istilah nu tumali jeung ieu panalungtikan di antarana waé adegan, kalimah, kalimah langsung, jeung novel.

- 1) **Adegan** nya éta wawangunan. Adegan basa mangrupa wangun atawa susunan unsur-unsur basa anu dumuk polana tur ngéntép seureuh.
- 2) **Kalimah Langsung** nya éta sawatara cara pikeun ngungkapkeun béja, omongan, atawa caritaan batur dina wangun ti nulis. Upama urang nuliskeun langsung (niru atawa nyutat) omongan batur téa dina wangun kalimah.
- 3) **Adegan Kalimah Langsung** nya éta adegan basa sakabéh unsur-unsur basa nu ngawangun kalimah langsung. Nu ngawengku unsur jejer, caritaan, udagan, palengkep, jeung katerangan.
- 4) **Novel** nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratip (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa plotna kompléks (ngarancabang). Ku lantaran kitu wandana, novel mah bisa mindangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar, jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi.

Dumasar katerangan di luhur, bisa dicindekkeun yén anu dimaksud “**Adegan Kalimah Langsung dina Novel Nganteurkeun Karangan Usep Romli HM**” nya éta analisis pola kalimah langsung disawang adegan, dekripsi, fungsi, ma’na kalimah.

### 3.2. Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif nya éta méthode panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-

pasualan aktual ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, jeung nafsirkeun data (Arikunto, 2002:213).

Anu didésripsikeun perkara adegan kalimah langsung anu kapanggih dina Novel *Nganteurkeun* karangan Usep Romli HM.

### **3.3. Téhnik Panalungtikan**

#### **3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data**

Dina ieu panalungtikan digunakeun dua téhnik, nya éta téhnik analisis téks jeung téhnik studi dokuméntasi. Téhnik analisis téks dilaksanakeun ku sabab sumber datana mangrupa data tinulis, ari tujuanana nya éta pikeun ngolah hal-hal anu patali jeung déskripsi kalimah langsung.

Téhnik dokuméntasi nya éta neangan data ngeunaan hal-hal nu mangrupikeun catetan, transkrip, buku, majalah, jsb (Arikunto, 2002:206). Dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data kalimah langsung.

Prosedur pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngaliwatan léngkah-léngkah di handap ieu.

- 1) Nangtukeun sumber data anu mangrupa basa Sunda ragam tulis nya éta novel *Nganteurkeun*.
- 2) Maca novel *Nganteurkeun* karangan Usep Romli.
- 3) Nyirian kalimah-kalimah nu kagolong kalimah langsung.
- 4) Nyirian sakabeh data kalimah langsung anu meunang nyirian kana kartu data; jeung

5) Nganomeran jeung ngodean kartu data.

Data panalungtikan anu digunakeun disebut korpus data. Korpus data nya éta data-data anu geus dibéré kode atawa dikodean.

### 3.3.2. Ngolah Data

#### 3.3.2.1. Prosédur Ngolah Data

Sabada data kumpul, terus éta data téh diasupkeun kana kartu data. Ari léngkah-léngkah anu diliwatan pikeun ngolah datana nya éta:

- 1) Mariksa deui sakabéh data kalimah langsung basa Sunda nu kapanggih dina novel *Nganteurkeun* karangan Usep Romli.
- 2) Ngadaptarkeun sakabeh data kalimah langsung anu geus dikodean sacara alfabétis.
- 3) Nganomeran sakabéh data kalimah langsung anu geus didaptarkeun.
- 4) Ngitung jumlah kalimah langsung anu kapanggih dina objek panalungtikan.
- 5) Ngitung frekuensi katut persentaséna.
- 6) Nyieun papasingan kalimah langsung katut ngadéskripsikeun dumasar adegan, ciri-ciri, jeung fungsi.

### 3.5. Sumber Data

Nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nya éta timana subjek data bisa dipibeunang (Arikunto, 2002:107). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel *Nganteurkeun* karangan Usep Romli HM. Novel *Nganteurkeun* nya éta

salah sahiji novel karangan Usep Romli HM nu dikaluarkeun dina taun 1986. Ieu novel téh ngawengku 67 kaca.

### 3.6. Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat atawa pasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data pikeun ngahasilkeun data nu leuwih hadé (Arikunto, 2002:136). Pakakas panalungtikan data (instrument panalungtikan) anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun sistém kartu data. Cara ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ku jalan nyalin jeung mindahkeun sakabéh kalimah langsung anu kapanggih tina novel *Nganteurkeun* karangan Usep Romli HM. Saterusna éta kalimah téh dicirian maké gurat handap pikeun ngagampangkeun nangtukeun mana jejer, caritaan, udagan jeung katerangan.

**Tabel III.1**

#### **KARTU DATA**

A
<b>“Anakna éta téh?” (Ng/11/64/1)</b>
Adegan kalimah : J + U
Fungsi kalimahna : Pananya
Ciri : “...”
Ma’na kalimah : Ngawawarkeun

